Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

ЕЛИМИЗДИҢ МИЙНЕТКЕШЛЕРИНЕ

Қәдирли жолдаслар!

КПСС Орайлық Комитети елимиздиң ҳәм халқымыздың буннан былайғы турмысы көпшилик жағынан ғәрезли болып турған бизиң тарийхымыздың усы бир қыйын пайытында сизлерге мүрәжәт етеди.

Бизиң жәмийетимиз қайта қурыўдың арқасында көп ғана он жыллықлар ишинде туңғыш мәртебе сиясатта ҳәм экономикада, социаллық ҳәм рухый турмыста шешиўши реформалар жолына, әдеп-икрамлылық жақтан тазарыў жолына түсиў имканиятына ийе болып отыр.

Демократиялық процесслер тоқтаўсыз алға қарай илгерилемекте. Адамлардың санасында жәмийетлик белсендилик, терең унамлы өзгерислерге ынтықлық сезимлери оянып атыр.

Елимизде ен жайып атырған пикир таласларының барысында бизиң жәмийетлик имаратымызды иргели жаңартыў ҳаққында, күнделикли турмыс ғаўғалары менен мүтәжликлерин шешип барыў ҳаққында принципиаль рәўиште гәп болып атыр. Бүгинги турмысымыздағы көплеген нәрселер бизди қанаатландырмай атыр, қәўетерлениўшилик туўдырып атыр. Мийнеткешлердиң бийпәрўалық ҳәм истиң көзин билмеўшилик, жуўапкерсизлик ҳәм аса кетиўшиликлер фактлери менен дусласып қалған ўақытлары оларда пайда болатуғын ызаланыўшылықлардың арғы тәркини жақсы түсиникли. Совет адамлары кескинлескен миллетлер аралық жәнжеллерге, экстремизмге, социалистлик нызамлылықтың ҳәм ҳуқық тәртибиниң турпайы бузылыўларына жаны ашыўшылық пенен ҳәм қәўетерлениўшилик пенен қатнас жасамақта.

Тек пүткил халықтың күш-жигерлери ғана, қыстаўлы ҳәм шешиўши рәўиште күш салыўлары ғана елимизди ҳәзирги қыйын жағдайдан алып шығыўға уқыплы екенлиги бизге айдын анық. Ҳәзир бизге аўыз биршилик ҳәм ҳәрекетлер бирлиги, қайта қурыўды қорғап қалыўға, социалистлик жаңарыў жолларында исенимли түрде алға қарай илгерилеўге тақ турыўшылық ҳәр қашанғыдан да зәрүрли.

Қайта қурыў сүренлерин бүркенип алып, ис жүзинде өзлериниң жеке басларының мәплерин, ҳәмелпаразлық амбицияларын көзде тутып қайта қурыўға топылыс жасаўшылардың, «жағдай қаншелли жаманырақ болса, бизге соншелли жақсырақ», — деген принципти басшылыққа алып, ҳәрекет етип, халықты граждалық конфронтацияға ийтермелеўшилердиң бизиң жәмийетимизде кеўиллерине келгенин ислеп, үстемшилик сүрнўине биз жол қоя алмаймыз.

Бунда олар ҳәмме нәрседен де пайдаланып атыр: турмысымызда орын алып атырған қыйыншылықлар менен олқылықлардан да олар жеке мәплерине пайдаланады; зорлық-зомбылықлар ислеўге, экономикалық жуўапкерсизликке ҳәм граждалық бойсынбаўшылыққа, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик институтларға қысым жасаўшылыққа тиккелей ғыжақ берип атыр. Ең пәс қылық-қылўалар менен инстинктлерди қоздырыў, партия, совет, хожалық ҳәм ҳуқық қорғаў органларына жала жабыўшылық, бизиң Армиямызға жала жабыўшылық — мине усылардың барлығы да арсызлық пенен пайдаланылып атыр.

Жаңарыў сүренлериниң астында басланып, антисоветлик шақырықлар менен ҳәм бийбастақлықлар менен, гөззаплық қылық-қылўалар ҳәм бүлгиншиликлер менен, адамлардың қайғы-ҳәсиретке ҳәм азап-ақыретке гирипдар болыўлары менен тамамланып атырған манифестациялардың елимизди бойлап көплеп өтиўлери мине усы экстремистлик күшлердиң қайнақай тәсирлери астында жүз берип атыр.

Биз демагоглардың ҳәм сиясатшылсымақлардың қәлеген түриниң антидемократиялық, ҳуқыққа жат ҳәрекетлерине, олардың миллий ала аўызлықты қоздырыўына, олардың турпайы рәўиште қысым жасап ҳәм қорқытып-үркитип ислейтуғын ис усылларына, партия ҳәм совет органларын ҳәм олардың хызметкерлерин әдеп-икрамсыз етип көрсетиўге урыныўшылықларына, жәмийетимизде өз-ара душпанлық сезимлериниң ҳәм зулымлықлардың, қәўетерлениўшиликлердиң ҳәм исенимсизликлердиң орнатылыўына маўасалық ете алмаймыз ҳәм етиўге тийисли де емеспиз.

Булар жол қойыўға ҳәм маўасалық етиўге болмайтуғын ҳәрекетлер. Олар кескин рәўиште қаралаңыўы тийис.

СССР Жоқарғы Совети 20 февральда қабыл еткен билдириўинде жаман нийетли күшлерге бизиң жәмийетлик кораблимизди шайқалтаман деп урыныўшылықтан аўлақ болыўды ескертти, ҳүкиметти, Совет органларын жергиликли орынларда қәлеген митингиниң ҳәкимиятлардың санкциясы менен ғана өткерилиўин, Совет нызамларының қатаң рәўиште ҳәм булжытпастан сақланыўын қатаң қадағалаўды тәмийинлеўге миннетледи.

КПСС Орайлық Комитети Жоқарғы Советтиң сиясий билдириўин қоллап-қуўатлай отырып, гүллән партия шөлкемлерин, елимиздиң гүллән мийнеткешлерин қайта қурыўды қорғап қалыўға, жоқарғы ҳәкимият органының талапларын ис жүзинде әмелге асырыўға шақырады.

КПСС Орайлық Комитети коммунистлер менен партияда жоқларды, рабочийларды, дийханлар менен интеллигентлерди, профсоюзлар менен комсомолды, ерлер менен ҳаял-қызларды, жаслар менен ветеранларды ҳәмме жерде бирдей нызамды, демократия принциплерин қәстерлеўге шақырады, ала-сапыранлыққа ийтермелеп, жәнжеллерге, ала аўызлықларға ҳәм душпанлықларға ғыжақ берип жәмийетте турақсызлық пайда етиўшилердиң ҳәммесине соққы берип барыўға шақырады. Ҳуқық қорғаў органлары ҳуқық тәртибиниң сақланыўына қатаң рәўиште көз-қулақ болыўлары, қәлеген антиконституциялық ҳәрекетлердиң үзил-кесил алдын алып, адамларды қорғап барыўлары тийис.

Ақыр айланып келгенде шешиўши сөз мийнет адамында. Орайлық Комитет мийнеткешлердиң өзлериниң шөлкемлескенлиги менен, тәртиплилиги ҳәм жуўапкершилиги менен, қайта қурыўға кесент жасап оның дөретиўшилик пәтлерин үзилиске түсиретуғын нәрселердиң ҳәммесине қарсы гүресте шешиўши ҳәрекетлери менен елимизде бизиң партиямыздың инициативасы бойынша ен жайдырылған өзгерислердиң табыслы болыўын тәмийинлейтуғынлығына исеним билдиреди.

Елимизди ҳәзирги қыйын ҳалаттан алып шығып, оны экономикалық өсиўшилик, социаллық саламатлық, инсанға ылайық турмыс жолына түсириў тек жуўапкершилик пенен парасатлылықты, нызамлылықты, тәртипти ҳәм демократияны, ҳүжданлы мийнетти ушластырыў арқалы ғана әмелге асырылыўы мүмкин.

КПСС Орайлық Комитети социалистлик Ўатанымыздың ийгилиги ушын, елимиздиң барлық халықларының, пүткил жәмийетимиздиң абаданлығы, ҳәр бир үйде, ҳәр бир семьяда бахыт болыўының ийгилиги ушын демократиялық аўыз биршиликке шақырады.

СОВЕТЛЕР СОЮЗЫ КОММУНИСТЛИК ПАРТИЯСЫНЫҢ ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИ.

ӨЗБЕКСТАН ССРЫНДА ЖЫЙНАЛЫСЛАР, МИТИНГЛЕР КӨШЕДЕ ТОПАРЛАСЫП ЖҮРИЎЛЕР ҲӘМ ДЕМОНСТРАЦИЯЛАР ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎДИ ҲӘМ ӨТКЕРИЎДИ ТӘРТИПЛЕСТИРИЎ ҲАҚҚЫНДА ӨЗБЕКСТАН ССР ЖОҚАРҒЫ СОВЕТИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ

У К А З Ы

СССР Жоқарғы Советиниң 1990 жылдың 20 февральындағы билдириўине, сондай ақ мийнеткешлердиң беккем жәмийетлик тәртиптиң орнатылыўы ҳәм интизамлықтың беккемлениўи ҳаққында қойып атырған талапларына муўапық ҳәм демонстрацияларға ҳәм топарласып жүриўлерге экстремистлердиң ҳәм жынаятшыл элементлердиң араласып кетиўи мүмкин екенлигин, ал бул жағдайдың өз нәўбетинде антидемократиялық ҳәрекетлерге, бүлгиншиликлерге, өрт бериўшилерге, зорлық-зомбылықлар етиў ҳәм адамларға турпайы рәўиште қысқы жасаў, оларды қорқытып-үркитиў фактлерине алып келиўи мүмкин екенлигин есапқа ала отырып, Өзбекстан ССР Жоқарғы Советиниң Президиумы қарар етеди:

1. Ўақытша, республикадағы жәмийетлик-сиясий жағдай турақласып кеткенше көшелерде топарласып жүриўлерге ҳәм демонстрацияларға рухсат етилмесин, ал санкцияланған митинглер ҳәм жыйналыслар белгиленген тәртипте ҳәм тек жабық жайлардың ишинде ғана өткерилсин.

Бул Указдың бузылғанлығы ушын ҳәрекет етип турған нызамда нәзерде тутылған жуўапкершилик өз күшине минеди.

2. Областьлық ҳәм Ташкент қалалық халық депутатлары Советлериниң атқарыў комитетлерине массалық илажларды өткериў тәртибин ретлестириўши қарарларға тийисли өзгерислер киргизиў тапсырылсын.

3. Халық депутатлары Советлериниң атқарыў комитетлерине гүлләи жәмийетлик шөлкемлер менен, соның ишинде рәсмий емес шөлкемлер менен де тиккелей қатнаслар орнатып, өткерилип атырған жыйналыслар менен митинглердиң керек емес жәмийетлик сиясий қыйыншылықлардың алдын алыўына өз-ара үйлесимли тийкарда ерисилиўи тапсырылсын.

4. Указ жәрияланған күннен баслап толық күшине минеди.

Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумы Председателиниң орынбасары Б. БУГРОВ.

Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының секретары Л. БЕКҚУЛЬБЕКОВА.

Ташкент қаласы, 21 февраль 1990—жыл.

ӨзЛКСМ ОБКОМЫНДА

ӨзЛКСМ обкомының нәўбеттеги бюро мәжилисинде Кегейли районы комсомол комитетлериниң қайта қурыў жағдайларында жаслар басламаларын қоллап-қуўатлаў ҳәм иске асырыў бойынша әмелий жумыслары ҳаққындағы мәселе қаралды. Қабыл етилген қарарда бир қатар жумыслар ислениш атырғаны атап өтилди.

Кегейли районлық комсомол шөлкеми өз қатарына тоғыз мыңға жақын ВЛКСМ ағзаларын жәмлестиреди. Оның қурамында аўыл жаслары айрықша орынды ийелейди.

Район комсомолындағы қайта қурыўдың әҳмийетли белгилериниң бири басламалардың социаллық базасын кеңейтиў, олардың бағдарларының ҳәр қыйлылығы болып табылады. Соңғы еки жыл даўамында районлық комсомол комитети тәрепинен жаслар басламаларын иске асырыўдың түрли усыллары ислеп шығылды. Райком ўәкиллери Ленинградта, Запорожьеде, Самарқанд областының Советабад районларында болып, кооператив ҳәрекети, жумыссыз жүрген жасларды мийнетке орналастырыў ҳәм район халқының абаданшылығын саўалтыў мәселелери бойынша тәжирийбелер үйренип қайтты. Усылар тийкарында 1988 жылы районлық комсомол комитети бюросының қарары менен жаслар басламаларының қоры дүзилди. Бул қордың дүзилиўи қысқа мүддет ишинде жаслардың жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ислеринде қатнасыўға, турақ жай машқалаларын шешиўге, жаслардың ҳәм рационализаторлық ҳәм ойлап табыўшылық усынысларын қуўатлаў ҳәм раўажландырыўға бул басламаларды турмысқа асырыўдың тәсиршең ҳәрекеттеги механизмин дүзиўге мүмкиншилик берди. Жаслар басламалары қоры (ЖБҚ) өз жумысын толық хожалық есабы принципинде қурады. Буған комсомолец ҳәм жаслардан 10 аслам баҳалы усыныслар түсип, булар тийкарында мақсетке бағдарланған программалар дүзилди ҳәм иске асырыў басланды. Ҳәзир видеосалон, көшпели сүўрет салоны, «Сәрбиназ» тигиў цехы, «Айдын жол» саўда фирмасы, аттракционлық ойынлар ҳәм басқалар ислеп тур. Усының менен қатар жаслар турақ жай комплекси ҳәрекети кеңейип атыр. ЖБҚ ның басламасы менен Халқабад қаласында ЖТК қурылысы ҳаққындағы мәселе шешилиў алдында тур. 1990 жыл планына 200 мың манатлық жумыс өзлестириў киргизилген, ал 1995 жылға шекем он алты квартиралы 5 үй қурыў планластырылып отыр. Сондай ақ қордың базасында дара-дийхан хожалықларын дүзиў ҳаққында шөлкемлестириўшилик мәселелери исленип атыр.

(Даўамы 2-бетте)

ТАШКЕНТ ҚАЛАСЫНДАҒЫ СССР, ӨЗБЕКСТАН ССР ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫНЫҢ, ЖЕРГИЛИКЛИ СОВЕТЛЕРДИҢ, МАХАЛЛЕ ҲӘМ САЙЛАЎШЫЛАР, ЖӘМИЙЕТШИЛИГИНИҢ РЕСПУБЛИКА ХАЛҚЫНА ҮНДЕЎИ

Қәдирли жолдаслар!

Бизиң республикамыз, пүткил елимиз қыйын дәўирди басынан кеширип атыр. Революциялық қайта қурыў гүллән мийнеткешлерди сиясий турмысқа белсене қатнасыўға руўхландырды, кең жәмийетшилик күшлерди ҳәрекетке келтирди.

Өтмишти сын көз-қарастан қайта түсиниў бойынша барлық ески, ўақты өткен, адамды қорлайтуғын, жақсы мийнет етип ҳәм хызметине қарай жақсы жасаўына кесент келтиретуғын барлық нәрсе сапластырылмақта. Ҳәр бир адамның ҳәм коллективтин хожалық инициативасына ҳәм епшиллигине кең жол ашыў, барлық халықларға, барлық республикаларға ҳәм регионларға ҳақыйқый гәрезсизликти тәмийинлеў ушын сиясий ҳәм экономикалық системалардың түпкиликли реформаларын әмелге асырыўда, миллий социаллық ҳәм руўхый салаларда аўыр процесс жүрип атыр.

Улыўма партиялық, ғалаба халықлық додалаўға усынылған партияның XXVIII съездине КПСС Орайлық Комитетиниң платформасы буның ушын жаңа мүмкиншиликлер ашып береди. СССР халық депутатларының съездинде, елимиз Жоқарғы Советиниң сессияларында бизиң жәмийетимиздиң жаңа—адамгершиликли ҳәм демократиялық келбетин белгилейтуғын күтә әҳмийетли нызамлар додаланып атыр.

Қайта қурыў қыйыншылықсыз ҳәм қарама-қарсылықсыз өтпей атыр. Ҳәр қыйлы социаллық қатламлардың ҳәм группалардың, мәплериниң миллий ниетлердиң кескин соқлығысыўлары болып атыр, миллетлер аралық қатнасықларда қыйыншылықлар пайда болмақта. Топланып қалған көбинесе аўыр проблемалардың шешимлерин тек нызамлылық, демократия ҳәм жәриялылық жолы менен излестириў ҳәм табыў мүмкин. Буның ушын басқа усыл жоқ. Екинши жол—бул тәртипсизлик ҳәм былғасық, бул жәнжел ҳәм қыйратыўлар жолы, буннан ҳеш ким утпайды, ал ҳәмме утылады.

Жәмийетке қарсы, қылмыслы элементлер бизлерди атап айтқанда усы набытшылық жолына ийтермелеўге урынып атыр. Миллий сезимлерден, қайта қурыўдың қыйыншылықларынан ҳәм аўырманшылықларынан өз мәпин гезлеп, демократияны ҳәм жәриялылықты өзлериниң авантюралық мақсетлерине пайдалана отырып олар партияға, армияға, совет дүзимине өтирик өсеклерди қардай боратып атыр, тәртипсизликлер, бүлдириўлер, күш қолланыў ҳәрекетлерин нәлеп атыр. Закавказьедеги, Ферғанадағы, Душанбедеги, басқа регионлардағы қайғылы ўақыялар өзлерин халық ушын ҳәм азатлық ушын гүресшеңлермиз деп жүрген адамлардың бет пердесин ашып таслады. Көлеңкеде тасаланып, жасырын ҳәрекет ете отырып, олар еле шынықпаған жасларды бүлдириўлерге ҳәм жынаятларға ийтермелеп атыр, бизиң балаларымыздың тәғдирине ҳәм жүрегине жара салмақта.

КПСС Орайлық Комитетиниң елимиздиң мийнеткешлерине үндеўинде дурыс атап көрсетилгениндей, бизлер ҳәр қандай түрдеги самсамлардың ҳәм сиясатшы-сымақлардың демократияға, ҳуқыққа қарсы ҳәрекетлерине, ҳәм олардың миллий ала аўызлықты, социаллық душпанлықты қоздырыўына, жәмийетте өшпенлиликти ҳәм мийримсизликти, қәўетерлениўди ҳәм исенимсизликти күшейтиўине бизлер көнлиге алмаймыз ҳәм көнликпеўимиз тийис.

Бизлер—депутатлармыз. Бизлерди сайлай отырып республиканың мийнеткешлери—рабочийлар ҳәм дийханлар, хызметкерлер ҳәм интеллигенция, ветеранлар ҳәм жаслар. Өзбекстанда жасаўшы барлық миллет адамлары, халықлары бизлерге исеним көрсетти, үлкен ўәкиллик, ҳәм ҳәкимияттың толық бийлигин берди. Соның менен бирге республиканың тәғдири ушын, бизиң балаларымызда ҳәм аўылларымызда парахатшылық ҳәм тынышлық ушын, адамлардың қәўипсизлиги, ҳәр бир адамның ҳуждан ҳәм адамгершилиги ушын жуўапкершиликте жүкледи.

Халық бизлерге берген тийкарғы наказ—бул тәртипсизликлерге, қурбан болыўға ҳәм қыйратыўларға жол қоймаўдан, тәртипти ҳәм жәмийетлик тынышлықты, бизиң балаларымыздың тәғдирин ермек етиў ушын сиясий авантюристлерге, жынаятлы корупцияланған күшлерге имканият бермеўден ибарат.

Бул бизлерди демократия менен митингшил демагогия, жәриялылық ҳәм жалахорлық, еркинлик ҳәм тәртипсизлик арасына айқын шек қойыўға, бизлерди миннетлейди. Бизлер адамлардың активлигин ҳәм жигерин дөретиўшилик саласына бағдарлаўымыз тийис. Бизлер СССР Жоқарғы Советиниң билдириўине муўапық қайта қурыўды қорғаў, әсирлерден берли киятырған бизиң адамгершилигимиз, байлықларымыз болған дослықты, татыў қоңсылықты, миймандослықты, кең пейилликликти сақлаў ушын бизге халық берген бийликти қолланыўға миннетлимиз. Елимиздиң басқа халықларындай-ақ өзбек халқы әсирлер даўамында атап айтқанда усы қәсийетлери менен көзге түсип келди.

Республикада қыйын проблемалар көп, халықта көплеген үлкен дөретиўшилик ислер бар. Бизлер өзимиздиң республикамызды экономикалық ҳәм социаллық артта қалыўшылықтан шығарыўымыз, халықтың барлық қатламларының турмыс дәрежесин көтериўимиз, миллионланған адамлардың жумыс пенен ҳәм бир жеңкил хызмет ақылары менен тәмийинлениўине ерисиўимиз, кескин экономикалық проблемаларды шешиўимиз, бизиң жасларымыздың оқыўы, руўхый ҳәм физикалық жақтан раўажланыўы ушын жағдайлар дүзиўимиз, бизиң халқымыздың әжайып мәдений дәстүрлерин беккемлеўимиз ҳәм байытыўымыз керек. Экономикалық өзиншеликке, республиканың өзин-өзи басқарыўына ҳәм өзин өзи өтеўине бағдарланған илажларды жеделлилик пенен әмелге асырыўды тәмийинлеў зәрүр. Өзбекстан Компартиясының сайлаў алды платформасында усы ҳәм басқа ўазыйпалар айқын белгиленген, оны бизлердиң ҳәр биримиз өзлеримиздиң жеке сайлаў алды программаларымыздың тийкары етип алдық.

Оны орынлаў ушын ҳәзирдиң өзинде көп нәрселер исленип атыр. Бул пахта ушын қосымша ҳақы ҳәм оның және аўыл хожалық өнимлериниң басқа да түрлериниң сатып алыў баҳаларын қымбатлатыў бойынша табанлы жумыс жүргизиўден ибарат. Бул жеке жәрдемши хожалық жүргизиў ҳәм меншик жай салыў ушын аўыл мийнеткешлерине көбейтилген үй қаптапы қыйтақларын бериўден ибарат. Бул кәмбағал көп балалы семьяларға, инвалидлерге ҳәм пенсионерлерге жәрдем. Бул киши жастағы мектеп оқыўшыларын, наўқас ҳәмледар ҳаялларды бийпул аўқатландырыў. Бул жатақханаларда жетиспеўинен жеке квартираларда жасаўға мәжбүр болған студентлерге қосымша ҳақы төлеў. Бул қалада, атап айтқанда Ташкентте, аўылда да социаллық жақтан қайта дүзиў илажлары. Бул бизиң талантлы жасларымызды елимиздиң ең жақсы жоқарғы оқыў орынларына ҳәм илимий орайларына оқыўға жибериў. Бул өзбек тилине мәмлекетлик статус бериў ҳәм халықтың сүйикли сейили болған «Наўрызды» қайтарып бериўден ибарат.

Бирақ буның барлығы—тек дәслепки илажлар ғана. Алдымызда үлкен ҳәм көлемли жумыслар тур. Оны табыслы орынлаў ушын пүткил елимиз сыяқлы Өзбекстан мийнеткешлерине тынышлық ҳәм тәртип, интизам ҳәм шөлкемлескенлик керек. Буларды тәмийинлеў—бизиң ең биринши ўазыйпамыз ҳәм күтә әҳмийетли миннетимиз.

Бизлер барлық халық депутатларын, барлық партия, совет, мәмлекетлик органларды, барлық жәмийетлик шөлкемлерди ҳәм ҳәрекетлерди, республиканың барлық сап күшлерин, оның гүллән халқын нызамды қатаң сақлаўға, гыжақ бериўшилерге ҳәм жынаятшыларға шешиўши түрде соққы бериўге, қайта қурыўды солардан қорғаўға, ҳәр бир граждалның қәўипсизлигин сақлаўға, интизамды ҳәм жәмийетлик тәртипти беккемлеўге, парахат мийнетти ҳәм парахат турмысты тәмийинлеўге шақырамыз. Өзбекстанда жасаўшы барлық адамлардың парахат турмысын ҳәм гүллениўин тәмийинлеў ушын барлық илажларды иске асырайық.

ӨзЛКСМ ОБКОМЫНДА

(Изи. Басы 1-бетте).

Жаслар басламаларын иске асырыўдың жаңа технологиясын анықлаў ушын бир шөлкемлерде районлық комсомол комитетиниң бюро ағзаларының қатнасыўында «ашық хатлар күни» өткерилип, усының тийкарында тийисли шөлкемлер алдына мәселе қойылады. Комсомолдың материаллық базасын раўажландырыўды, жаслар басламаларын иске асырыў мәселелери районлық партия комитетинде биреше мәрте додаланды.

Райком комсомол өз жумысында айқын өндирислик ислерге аўыл жасларын тартыўға итибар бермекте. Олар арасында көплеп басламалар шығып атыр. Совхоз комсомол шөлкемлери өз күшин мийнетти шөлкемлестириўдиң жаңа усылларына, биринши гезекте ижара, семьялық ҳәм жеке кесип алып ислеўге бағдарламақта. 31 комсомол жаслар коллективлериниң 16 сы жаңа усыллар менен ислемекте.

Соның менен бирге район комсомол комитетлериниң жумысында кемшиликлерде бар. Орынларындағы жаслардың басламаларын иске асырыў мүмкиншиликлери толық пайдаланылмай атыр. Ишки союз турмысын демократияластырыў процесси жүрип атырғанына қарамастан жаслардың басламалары еле бурынғыдай комсомол комитетлериниң мәжилис ҳәм жыйналыс протоколларында қалып кетпекте. Соның салдарынан комсомолдағы жаңаланыў ҳәрекети әсте бармақта. Атап айтқанда Куйбышев атындағы, Энгельс атындағы совхозлар, Кегейли ДРСУ, 116—АТП комсомол комитетлериниң бул бағдардағы жумыслары төмен. Бул шөлкемлерде жигит-қызлар арасында комсомол өз абырайын жойытпақта.

Районда хожалық жүргизиўдиң жаңаша усылларының пайдасы ҳаққында жаслар арасында пропагандалық ҳәм түсиник жумыслары жеткиликсиз алып барылмақта. Аўылдағы комсомолец ҳәм жаслардың экономикалық таярлығы жетилискенликтен узақ, өзин ақламай атыр. Комсомол оқыўлары үстиртин характерге ийе. Усылардың нәтийжесинде жаслар хожалық жүргизиўдиң фермерлик усылларын меңгериўге асықпай атыр.

ӨзЛКСМ обкомының бюросы район комсомол комитетлериниң бул бағдардағы жумысларын жеткиликсиз деп тапты. Қабыл етилген қарарда районлық комсомол комитетин комсомолец ҳәм жаслардың ҳәр қандай шақырығына дыққат аўдарыўға, жағдайды толық қамтыўға, жаслар ҳәрекетин раўажландырыўға дурыс басшылықты тәмийинлеўге миннетледи. Бул салдағы жумысларды және де беккемлеў кереклиги атап өтилди.

Бюро мәжилисинде қалалық, районлық ҳәм область XXXIII комсомол конференцияның жумысларына ҳәм бул форумларда айтылған критикалық ескертиўлерди орынлаў бойынша илажлар планы ҳаққында, комсомол ишки турмысы бойынша бир қатар мәселелер қаралды.

*Спорт *Спорт. *Спорт. *Спорт.

Пайтахтымыздағы Калинин көшесиниң бойынан қолы гүл қурылысшыларымыз тәрепинен жаңа спорт залдың қурылысы питкерилип пайдаланыўға берилди.

СҮЎРЕТТЕ: спорт залдың көриниси.

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы №34 балалар бақшасында мийнеткешлердиң бир неше ул-қызлары тәрбияланып атыр. Бақшада жас өспиримлер ойнап дем алыў менен бирге спорт пенен де шуғылланады.





СҮЎРЕТТЕ: усы балалар бақшасының тәрбияланыўшысы Юсуп Пирназаров шығыс халықларының у—шу ойынын ойнап атырған ўақты.

А. МУРАТОВтың түсирген сүўретлери.

МЕКТЕП ҲӘМ КӘСИП ТЕХНИКАЛЫҚ УЧИЛИЩЕ ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ КОМСОМОЛ ШӨЛКЕМИ ИСЛЕРИНИҢ

Программасы

— Районлық ҳәм қалалық комсомол комитетлеринде комсомол активлери мектебин шөлкемлестириў ушын базалық мектеплер белгиленсин.

— Районлық комсомол комитети қасынан комсомол активлериниң мектеби шөлкемлестирилсин.

Комсомол комитетлерине мектеп ҳәм кәсип техникалық училищесиндеги педагогикалық советтиң составына оқыўшылардың ўәкиллерин киргизиўге ерисиў.

— Районлық, қалалық, областьлық комсомол комитетиниң сайланған органлары ағзаларының өзин усынған шөлкемлериниң алдында ислеп атырған жумыслары туўралы есап берип турыў.

— Комсомолдан сайланған депутатлардың комсомол активлери ҳәм жаслар алдында өз жумысы ҳаққында есап бериў.

— Район, қала мектеплери ҳәм кәсип-техникалық училище арасында ҳәр қыйлы илажларды әмелий түрде өткериў.

— Комсомол комитетлери автономиялы республика комсомол шөлкеминиң тарийхый материалларын жыйнаўды шөлкемлестириў.

Төрткүл районында комсомол тарийхы музейин дүзиў қоллап-қуўатлансын ҳәм басқа районларда да усындай музейлерди дүзиў енгизилсин.

— Комсомол комитетлериниң Районлық халық депутатларының Совет атқарыў комитетлери жанында жаслар бөлими менен байланысы қуўатлансын.

— Комсомол комитетлери тәрепинен ҳуқық тәрбиясы бойынша оқыўшылар арасында диспут ҳәм клублар шөлкемлестирилсин.

— Әмиўдәрья районының оқыўшылар кооперативин шөлкемлестириў бойынша басламасын қуўатлансын.

— Комсомол, совет, хожалық органлары комсомол шембиликлерин өткериўге.

— Ҳәр бир аўыллық мектепте жер участкасын бериўге ерисиў.

— Пулсыз концертлерди өткериў шөлкемлестирилсин.

— «Жас Ленинши» газетасында мектеп ҳәм кәсип техникалық училище оқыўшыларының проблемалары бойынша рубрика ашылсын.

ОҚЫЎШЫНЫҢ ПИКИРИ

КИТАП ҚӘТЕСИЗ БОЛСЫН

Жақында мениң қолыма «Қарақалпақстан» баспасынан 1989 жылы басылып шыққан 4 классқа арналған «Ўатан әдебияты» китабы түсти. (Дүзиўшилер: А. Каримов, Ж. Пирниязов, С. Файзуллаев) Бул китаптың жетинши рет басылыўы екен Мен китаптағы Н. Дәўқараевтың «Интернатта» деп аталған гүррińин қайтадан оқып шықтым. (Бул шығарманы бурында оқыған едим)

Китапқа енгизилген усы гүррińди оқып отырғанда мынадай орфографиялық қәтелерге көзим түсти. Китаптың 122-бетиндеги жоқарыдан төменге қарай санағанда 9-қатардағы «қап» деген сөз «китап» деп жазылып гәптиң мәнисин бузып тур. Сондай ақ усы беттеги 26-қатардағы «Қақыралардың» деген сөз «қарақалпақлардың» деген сөз бенен алмастырылып жазылған. Бундай кеткен қәтелер басқа шығармалардан да табылады. Және де сол гүррińге арнап китаптың 14 бетинде сүўрет берилген. Сүўретти салған К. Бердимуратов, бул сүўретте Төреш деген баланың басында сол дәўирге ылайық гөне тақыя, жалаң аяқ, арқасында түйиншиги болыўы керек еди. Сүўрет олай исленбеген. Сүўретте балаға уқсатып аяғына етик, басына шөгирме, арқасына көрпени орап арқалатып қойыпты. Ҳәр қандай сүўрет сол дәўирдиң келбетин бизиң көз алдымызға елеслетиўи керек ғой.

Китаптағы кеткен қәтелер дүзиўшилерден бе, корректордан ба, я редактордан кеткен бе? (редакторы К. Муўсаев, корректоры М. Махсудов) бул жағы бизге белгисиз. Соның ушын алдағы ўақытта китаптың қайтадан басылыўында бизиң бул пикиримизди жуўапкер жолдаслар есапқа алса екен? Сабақлық болғаннан соң ол қәтесиз болсын.

Г. ШАМУРАТОВА.
Қоңырат районы. Орджоникидзе атындағы орта мектептиң 10-класс оқыўшысы.



Шымбайдағы керамика заводында үй—рузгершилигине пайдаланатуғын ҳәр қыйлы ыдыслар ислеп шығарылады. Бул жерде таярланған буйымлар қарыйдарлардың дийдинен шықпақта. Заводта бадняларға ғайры нағыслар салып безеўде сүўретши Замира Қутлымуратова айрықша көзге түсип киятыр.

А. МУРАТОВтың түсирген сүўрети.

«Суңқар»

Хожели районындағы Энгельс атындағы № 28 орта мектеп пенен Ленин атындағы № 47 орта мектептиң оқыўшылары арасында «Революция жаршысы» деп аталған темада китап қумар оқыўшылардың жарысы болды. Оқыўшылар еки командаға бөлинди. Энгельс атындағы орта мектептиң жас тилшилери менен әдебиятшылары «Суңқар», Ленин атындағы мектептиң тилшилери менен әдебиятшылары өзлерин «Альбатрос» деп атады.

Еки команда ағзалары белгили қазақ жазыўшысы ҳәм революционер С. Сейфуллинниң туўылғанына 95 жыл толыўына бағышланып өткерилген бул жарыс жүдә қызықлы болды. Оқыўшылар жазыўшының шығармаларынан оқып берди. Сондай-ақ олар С. Сейфуллинниң «Бахыт жолына» деп аталған үш пердели драмасынан үзинди көрсетти. Шайырдың қосықларын ядтан айтыўда, драмалық шығармасындағы белгили рольлерди атқарыўда жоқары класс оқыўшыларынан Қанат Базаров, Сәлийма Жолмағанбетова, Салиха Иймағанбетова, Лала Муўсаева Асқар Юсуповлар айырықша көзге түсти.

Жарыс жуўмағында өз шеберлигин көрсетип 30 балл топлаған «Суңқар» командасы жеңимпаз атанды.

Д. ЮСУПОВА.
Хожели, Энгельс атындағы орта мектептиң 10-класс оқыўшысы.

ЖӘРИЯЛЫЛЫҚ ҲӘРЕКЕТТЕ

Сыпсың ҳәм ҳақыйқатлық

ЯМАСА ЖЫНАЯТ ҚЫДЫРЫЎ БӨЛИМИНДЕГИ ГҮРРИҢЛЕСИЎЛЕР

НЕМЧАНОВ Г. Н. ҚҚАССР ИШКИ ИСЛЕР МИНИСТРЛИГИНИҢ ЖЫНАЯТ ҚЫДЫРЫЎ БӨЛИМИ БАСЛЫҒЫНЫҢ ОРЫНБАСАРЫ

— **Автономиялы республи**камызда жынаятшылықтың улыўма жағдайы жөнинде айтатуғын болсақ, айрықша қәўетерленгендей яки оншама тәшиўишленгендей ҳеш нәрсе жоқ. Халық арасында ҳәр қыйлы тийкарсыз сыпсыңлардың жүргени ырас. Лийкин, биз жәмийетлик **тәртиптиң сақланыўын** толық қадағалап турыпбыз.

— **Өткен жылдың аяғына таман Нөкис қаласында бир неше аўыр жынаят жүз берген еди. Солардың ашылыў нәтийжеси жөнинде айтсаңыз?**

— Дурыс, өткен жылы республикамызда бир неше аўыр жынаят болды ҳәм олардың басым көпшилиги ашылды. Тилекке қарсы, Нөкис қаласында Калинин көшесиниң бойындағы ҳәммеге мәлим болған, үш адам өлтирилген жынаят еле ашылған жоқ. Буның ушын көпшилик адамлардың бизди гиналап атырғанын да билемиз. Бирақ кең жәмийетшиликтиң-халықтың жәрдемисиз ҳәр қандай жынаятты қысқа ўақыт ишинде ашыў милиция хызметкерлерине аңсатқа түспейди. Әттең, адамлар көрген-билгенлерин айтыўдан қашқалақлап қыдырыў ислерине тийисли жәрдем бермей атыр. Сөйтсе де биз қызғын ҳәм жигерли излеў жүргизип, келешектиң ушын таптық деп айта аламыз. Жақын ўақытлар ишинде жынаятшылардың усланатуғыны даўсыз

Енди Нөкис қаласының «Гөне қала» тәрепинде жүз берген, бензо-колонка операторының өлтирилиўине байланыслы жынаят жөнинде айтсам, ол да еле ашылған жоқ. Әлбетте жынаятшыларды ҳешкимниң көрмеўи, сезбеўи мүмкин емес. Ал, көрген болыўы мүмкин деген адамлар болса ҳақыйқатлықты айтып, жәрдем бериўден бас тартады. Мен усы жерде газета оқыўшыларына мынадай өтиниш билдирер едим. **Кимде-кимниң жоқарыдағы жынаятларды ашыўға себи тийерлик көрген-сезгенлери болса «02» ге аты-жөнин айтпастан ақ хабарлаўын, яки келип айтыўын соранамыз.**

— **Жынаятшылықтың алдын алыў яки санын азайтыў ушын нелерди ислеў керек деп ойлайсыз?**

— Буның ушын пүткил жәмийетшилик болып ат салысыў керек. Соны ашық айтыўым мүмкин, қалалық, районлық атқарыў комитетлери бул иске жетерли кеўил бөлип атырған жоқ. Бир **ўақытлары жәмийетлик тәр**типти сақлаўда үлкен күш болған халық дружинашыларының жумысы ҳәзир қанаат**ландырмайды. Жынаятшылық**тың алдын алыў ең дәслеп семьядан, оқыў орынларынан, жумыс орынларынан басланыўы тийис.

— **Сыпсыңларға қарағанда усы жылы 21 февральға қараған түнде «Гөне қала» тәрепте бир жас жигит өлтирилген екен...**

— Бул сыпсың емес, ҳақыйқатлық. Жынаятшы сол күнниң өзинде ақ қолға алынды. Бул ўақыяның анығын Нөкис қалалық ишки ислер бөлиминен билиўиңизге болады.

ХОЖАНИЯЗОВ П.
Нөкис қалалық ишки ислер бөлиминиң жынаят қыдырыў бойынша баслығы.

— Сизлер анығын билмекши болған сол жынаят **21 февральға өтер ақшамы** түнги саат 3 лер шамасында жүз берген. Жынаят бизге хабар келип түскеннен кейин арадан 12 саатлар шамасы өткенде ашылды. Қыдырыў ислерине, жынаяттың ашылыўына ҚҚАССР ишки ислер министрлигиниң жынаят қыдырыў бөлими баслығы Ж. Ешжанов ҳәм Нөкис қалалық ишки ислер бөлими баслығының орынбасары Х. Реджеповлар тиккелей басшылық етти ҳәм оператив хызметкерлерден Ж. Дүйсенбаев, Ш. Қурбанов жолдаслар актив қатнасты. Мәлим болыўынша, М. исимли жас жигит өлтирилген. Оны сол күни бир үйде бирге отырысқан, бирақ бурын таныс болмаған А. исимли жигит күтилмегенде келип шыққан гәп алысыў ақыбетинде үш жерине пышақ урып өлтирилген.

— **Нөкис қаласында кисапырлардың көбейип кеткенлигине байланыслы гәп-сөз көп...**

— Бундай сыпсыңларға тийкар бар. Өткен жылы ири баслы 8 қалтаман усланып қамалған еди. Быйыл болса өкинишли, ойланарлық бир жағдай пайда болып тур. Ягный адамлар гүўалық бериўден, ҳәтте жәбирин айтысыўдан да қашатуғынды шығарды. Мысал ушын, ақшасын урлатқан даўагердиң биз қалтаманды услап айыбын мойнына қойғаннан кейинде өз көрсетпесинен-даўасынан бас тартыў жағдайлары ушырасып атыр.

— **Бәлким оларды қалтаманның шериклери қорқытатуғын шығар?**

— Қорқытса оны да айтып шағым жасаў керек. Оған да жынаят жуўапкершилиги бар ғой. Егер қорқақлық ететуғын болсақ, яки ақшамызды урлатқанымыз жөнинде тек сырттан тоңқылдап жүре берсек қалтаманлар азаймайды. Адамлар усыны түсинсе екен. Тағы бир айта кететуғын нәрсе, көпшилик мәкеме, кәрханаларда склад ямаса кассалардың техникалық қорғалыўы талап дәрежесинде емес. Сондай ақ қаламызда меншик автомашиналар ушын кооперативлик **гаражлар қурыў, төлемли** хызмет көрсететуғын автомобильлер тұратуғын майданшаларды көбейтиў жүдә зәрүр. Ал, айырым автокәрханалардың шоферлары жәмийетлик машиналарды үй қапталларына қойып урлық ушын мүмкиншилик туўдырады. Тийисли шөлкемлер усы жағдайларға қатаң итибар аўдарыўлары керек.

ПАЛУАНОВ М.
Нөкис қалалық ишки ислер бөлиминиң ресПО поселкасы бойынша участкалық инспекторы.

— **Адамлар арасында өткен жақын күнлерде Нөкис қаласының «ресПО» тәрепинде еки жас жигит өлтирилипти деген сыпсыңлар бар. Усының анығын билсек деп едик.**

— Бул сыпсың дурыс емес, мен инспекторлық ететуғын «ресПО» участкасында быйылғы жылда ҳеш қандай аўыр қылмыс болған жоқ. Ал, сыпсыңды келтирип шығарған ҳақыйқат жағдай жөнинде айтатуғын болсақ, 17 февраль күни бир өлик табылды. Бирақ экспертизаның анықлаўынша ол адам жынаяттан емес, техникалық спирт ишиў ақыбетинен уўланып өлген.

Гүррińлесиўди жүргизгенлер:

А. МУРАТОВ.
Б. ДОСЖАНОВ.
Арнаўлы хабаршыларымыз

Жаслар творчествосынан

Марат Нурмухаммедов

Ғапылда өз улын өлтирип қойып,
Өмирин қайғыға әйлеген қамал.
Соң оны жети жыл жүрген арқалап,
Жан енейин тилеп Рустеми Зал[1]

Ал, бүгин... Дым гене жоқтай илажы,
Жан ағасын жойытқан жуўас балалар.
Сум тәғдир қайтарып берсе еди жанын,
Нешше жетпис жыллап арқалаўға бар.

Кеўиллер кем-кемнен түспекте жарлы.
Терис дүр заманның жамылған тоны.
Гәрремлик үстемлик еткен пайытлары,
Тирилтип алғысы келеди оны!

ҚОРАЗЛАРДЫҢ НЕ ЖАЗЫҒЫ БАР?

Қоразлардың недур гүнайы,
Изинен сөз қалмас олардың.
Уйқы жеңген журтты оятса,—
Жазығы ма, бийшаралардың?

Көз үзе алмас, мойын создырар
Зер дөнлердек шоқ-шоқ жулдызлар.
Айтажағым—шуғлалы таңлар,
Мәгар, тек те жақсылық хабар.

Мен олардың өтмиш-тәғдирин
Усынаман; алмақлықты яд!
Сүренлерин басқаша жорып,
Ким дүр тапқан дейди шәрият.

Ол пайсаптың тилеги бәржай.
Тәнлер, бастан қылынған жүдә...
Түнниң қара екенин айтыў,
Таңды күтпек-боп па, бийхуўда?

Келер күнди жырлар улығлап,
Қоразлар түн жарпынан кейин.
Биз үмитсиз... жатармыз «өлип»
Қуяш жайнап шыққанға дейин.

Серпилтпектей гәплег думанын,
Қыйғырысып жанларын жағар,
Айтыңыз-шы, гүнасы не дур,
Таң жаршысы болғаны мәгар!

Ақ қуў өлими

(Балетмейстр Перийдахан Нурмановaның естелигине)

Ак көрпеш сезимли—кеўил қаразы,
Пуш дәннен, шигиннен болар наразы,
Жаз-паслында қарып ахраб аязы,
Гүл өмирин қыйып кеткенде қыйын.

[1] Әпсаналарда айтылыўынша Рустем батыр өз қолынан ғапылда пабыт болған баласын жан енеди деп жети жыл бойы арқалап жүрген деседи. (Х. Д.).

Халийла ДӘУЛЕТНАЗАРОВ.

Тарлары үзилип, дәстеден сынып,
Бүлбилгоя сазың—жүрегиң тынып...
Өмирге әлўилаған айтып сырныгын,
Үмит моншақларын сөткенде қыйын.

Әжел қолындағы найзалы ҳаса,
Жанынды ышқынтып, тәниң құласы,
Гәрип Анажаның бозлап жыласа,
Аппақ шашын өрмей өткенде қыйын.

Қайғы-ҳәсиретли жейран өлими,
Тентене жубайын дәртке тиледи,
Жаўтаңласып қалған еки елиги,
Ҳижран азапларын шеккенде қыйын.

Ел бахтын излесин шықса сайылың,
Тәғдир тулпарыңның үзсе айылын,
Әрман мәнзилине жүзген қайығың,
Жаслық жағысында шөккенде қыйын.

Сур мерген—сум әжел жоқ дур тойымы
Бузылды бийшара Аққуў ойыны,
Сулыўлық атылды... Сынып мойыны,—
Көзи жасқа толып кеткенде қыйын!

БАЛАЛЫҚТАҒЫ ДОСЛАРЫМА

Балалықтың бийғам базары,
Не ўақ кешти тарқап кеткели.
Соннан берли көшкен хәр күним
Өмиримниң соншa өткели.

Бир-биреўден қалдық көз жазып,
Айнанайын мениң он жылым,
Сизлер менен, балалық пенен
Қызықларға жүдә мол жылым.

Өмирдиң кең, гә қылтанақтай
Көшелерин қанша гезсем де.
Өзиниздей дос табалмадым,
Талай талапларға төзсем де.

...Талпынаман, жеткен жерим жоқ,
Табылмастай нени дур жойтаман..
Сексен пасыл изиме атлап,
Балалық бағына қайтаман.

Сынық гербишлердей әрманды,
Қурап, сезим-ылайық берип.
Көкирегимнен сағыныш деген,—
Имараттың дийўалын өрип.

Соннан берли не ой-қыялды,
Усы жерге әкеп үйермен.
Арқа берип дийўалға усы,
Үмитлерим қалай сүйенген.

Жигирма жыл —жас өмиримниң,
Китабының жигирма бети.
Жыртылыпты жигирма парақ,
Қалған орнын уў-зәҳәр етип...

Сағынышларға берип еркимди,
Сексен пасыл кейин қайтаман,
Ҳеш табылмас, ҳеш дийдарласпас..,
Балалықты аңсап жойтаман!



Тоқтағул бос ўақытларын да әдебий шығармаларды көбирек оқыйды. Соилықтан болар, оның мектеп программасындағы сабақлықлардың ишинде әдебиятқа деген ықласы оғада күшли. Буны аңғарған устазлары да хәр бир сабақты толық өзлестирип алыўда оған тез-тез жәрдем берип үйретип барады.

СҮЎРЕТТЕ: Мойнақ районындағы №7 Қарақалпақстан АССРының 50 жыллығы орта мектебиниң 9-класс оқыўшысы Тоқтағул Артықбаева устазы Жумабай Төремуратов пенен мектеп китапханасында газеталер пикирлесиў ўақтында.

Т. ПИРНАЗАРОВтың түсирген сүўрети.

Жаңа китаплар

АДАМ КҮЛДИРГЕНИ УШЫН

Муратбай Нызановтың усындай аттағы юморлық әссеси айырым китапша болып 2000 нусқада «Қарақалпақстан» баспасының маркасы менен басылып шықты. Онда комик артист Шамурат Өтемуратовтың қызықлы ҳәм бираз машақатлы творчестволық өмир жолы ҳаққында кең түрде мәлим етиледи. Китапша—сегиз қырлы әжайып талант ийесиниң 60 жасқа шыққан мүбәрек мерекесине ылайықлы сауға болып табылады. Автор бул әссесин өзгеше усылда жазыўға ҳәрекет еткен. Оны художник Б. Аяпов юморлық кейипте шебер безеген. Әссе көркем өнер адамларына көрсетилген ҳүрметтиң бир нышаны болып хызмет етиўи даўсыз.

ҚУС ЖОЛЫ

Әдебият аспанында жулдыз болып жарқырап көзге түсиўди әрман еткен жас қәлемкешлердиң жақында баспадан шыққан топламы усылай аталады. Оны баспаға таярлағанлар —Абдулла Садықов ҳәм Көбейсин Ерназаровлар. Көркемлик жақтан Исмайыл Қыдыров оны шебер безеген. Топлам Қарақалпақстанда жасап атырған бирнеше миллет ўәкиллериниң қарақалпақ тилинде жазылған қосық, проза ҳәм әдебият таныў бойынша мийнетлеринен дүзилген. Онда жас талант ийелеринен 64 автордың шығармалары орын алған. Олардың арасында китап оқыўшыларға әдеўир таныпып қалған жас әдебиятшылардың дөретпелери бар. Жас жазыўшы Сәдирбай Исмайыловтың «Бизлер бир үйде жасаймыз» повести, Қыдырбай Айторееўтиң «Сергиздан» поэмасы, С. Атабаев, З. Дәўлетова, Ә. Көбентаевлардың гүррыңлери, Алтынгүл Өтениязова, Меҳрибан Қабулова, Шынаргүл Пахратдинова, Генжебай Жугинисовтың қосықлары, Г. Нурлепесова, Ш. Әбдиназимов, Т. Қурбанбаева, Ҳ. Өтемуратовалардың әдебият таныў тараўындағы дәслепки илимий изертлеў бойынша мийнетлери дыққатқа ылайық.

«Қус жолы»—жас талант ийелерин излеп табыў ҳәм оларға көрсетилген айрықша ғамхорлықтың үлгиси болып саналады. 3000 нусқада басылып шыққан.

УСТАНЫҢ ТӘҒДИРИ

Рус тилинен Турғанбай Ғаниев аўдарған «Қарақалпақстан» баспасы маркасы менен айырым китап болып басылып шыққан Рубен Сафаровтың усы аттағы романы Шығыстың белгили ганчкәры Уста Шийринге бағышланған.

Роман Ғафур Ғулам атындағы әдебият ҳәм искусство баспасында 1987 жылы басылған түп нусқадан аўдарылған, оны К. Рейимназаров көркемлик жақтан шебер безеген. Бул китап 5000 нусқада басылып, ҳәзир китап дүканларда сатылып атыр.

Т. НИЕТУЛЛАЕВ.

Дыққат, конкурс!

«Тәбият ҳәм биз»

Қоршап турған орталықты қорғаўды буннан былай да күшейтиў мақсетинде Қарақалпақстан АССР тәбиятты қорғаў жәмийетиниң республикалық совети ҳәм Қарақалпақстан АССР журналистлер союзының басқармасы «Тәбият ҳәм адам» творчестволық конкурсын дағазалайды.

Конкурс 1990 жылдың январь айынан баслап 1991 жылдың январь айына шекем өткериледи. Конкурсқа газетада жәрияланған материаллар усынылады.

Материаллардың тематикасы: Тәбиятты қорғаў жәмийети баслаңғыш шөлкемлериниң, халық университетлериниң ҳәм клубларының тәжирийбелери, қоршап турған орталықты қорғаўдың энтузиастлары ҳаққында гүррыңлер, «жасыл» ҳәм «көк» патруллердиң ҳәм студентлик дружиналардың жумыслары ҳаққында болыўы керек. Конкурсқа сондайақ тәбият ҳаққында, оның гөззаллығы, қоршап турған орталықты қорғаў ҳаққында сөз етилетуғын фотосүўретлер қабыл етиледи.

Тәбиятты қорғаў жәмийети республикалық советиниң президиумы ҳәм Қарақалпақстан АССР журналистлер союзы басқармасы жеңимпазлар ушын дипломлар ҳәм сыйлықлар белгиледи:

Бир биринши сыйлық—150 манат,
Еки екинши сыйлық ҳәр қайсысы 100 манат
Төрт үшинши сыйлық ҳәр қайсысы 60 манат
Төрт төртинши сыйлық ҳәр қайсысы 50 манат

Ең жақсы фотосүўретлер ушын төмендеги сыйлық белгиленди; биринши орын ушын—биринши дәрежели диплом ҳәм 50 манат сыйлық, екинши орын ушын—екинши дәрежели диплом ҳәм 40 манат сыйлық, үшинши орын ушын—үшинши дәрежели диплом ҳәм 30 манат сыйлық.

Конкурсқа усынылатуғын материаллар газеталар дың ҳәм журналлардан еки дана етип кесип алынып, автор тәрепинен тастыйықланып жибериледи.

Конкурс жюриниң адреси: Нөкис қаласы, Шымбай шоссе көшеси, Ботаника бағы.

Қарақалпақстан АССР тәбиятты қорғаў жәмийетиниң республикалық совети.

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ

742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 517. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28528 РК 30147